

Bill Heinzen
Manm Komisyon Adjwen

Allan J. Fromberg
Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger
Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

**Avi: Frè Siplemanntè pou Amelyorasyon Taksi ak Lòt Machin Koule
ki pran Moun nan Lari yo (Taxi and Street Hail Livery,SHL)
Dat Peman yo Etabli**

Kounye a w ap jwenn montan Frè Siplemanntè pou Amelyorasyon ou dwe pou premye trimès ane 2019 la nan sistèm Aplikasyon pou Lisans, Renouvèlman ak Sitasyon (License Applications, Renewals & Summons system, LARS) TLC a. Montan Frè Siplemanntè Amelyorasyon ou dwe a se kous ou te fè ant 1ye janvyè ak 31 mas 2019.

Pou gade ak peye sa ou dwe, tanpri ale sou LARS nan <https://www1.nyc.gov/lars>.

Men delè pou peye Frè Siplemanntè Amelyorasyon pou premye trimès la:

- **23 mas 2019** - Peryòd Kontestasyon an kòmanse. Pwopriyetè ak Ajan yo dwe poze tout kesyon ak depoze tout kontestasyon bay:

Pou pwoblèm ki gen pou wè ak Fon Amelyorasyon Taksi:
tifcollections@tlc.nyc.gov

Pou pwoblèm ki gen pou wè ak Fon Amelyorasyon Taksi ki Pran Moun nan Lari yo:
shlifcollections@tlc.nyc.gov

- **6 jen 2019** - Peryòd Kontestasyon an fini. Montan yo finalize.
- **13 jen 2019** – Lè pou peye tout lajan an bay TLC nan <https://www1.nyc.gov/lars/>.

Si ou pa peye tout lajan an ou ka gen amann pou peye epi/oswa yo ka menm pran lisans ou.